

## Resous ki disponib

**Cradles to Crayon** – EHS bay atik debaz pou fanmi enskri kòm yon patnè distribisyon pou pwogram Cradles to Crayon. Cradles to Crayon bay timoun ki soti nan nesans rive nan laj 12 ane, ki ap viv nan sitiyasyon revni ba, ak sanzabri, ak atik esansyèl yo bezwen pou yo gen siksè- lakay yo, lekòl ak nan jwe. Atik yo apwovizyone gratis ke anplwaye EHS ap deliver pandan visit yo.

**Early Childhood Safety Program** - Atik sekirite yo baze sou disponibilite, pou enskri fanmi EHS pou kenbe anviwonman tout fanmi fè efò pou bay jen timoun yo. Yon sondaj sekirite fèt pa anplwaye EHS sou yon visit pou detèmine bezwen atik tankou: sekirite potay, chèn machin, kouvri elektrik, elatriye. Atik yo deliver pandan yon visit kay.

**EHS / Early Intervention Collaboration** - AHS EHS kolabore avèk pwogram entèvansyon lokal ki bay Patisipasyon nan Evalyasyon timoun yo pou anregistre timoun yo pou detèmine si nenpòt reta devlopman egziste.

## Patnè pou swen Timoun EHS

### Attleboro

Children's Express Childcare Inc.

### Brockton

Brockton Day Nursery  
Westfield Child Center, Fuller Arts & Sciences, Inc.

### New Bedford

Early Learning Child Care, Inc. of New Bedford  
New Bedford Public Schools Parenting Teens

### Taunton

Story Tree Children's Center



Tanpri gade aplikasyon pre-enskrripsyon nan:



*"Choice, Opportunity, Support"*

68 Allison Avenue  
Taunton, MA 02780-6958  
t 508-880-0202  
f 508-880-2425  
f www.ahsinc.org

*Tout kontribisyon yo dediktib pou rezon taks sou revni.*

# Early Head Start



Haitian Creole



*"Choice, Opportunity, Support"*



## Motif

Pwogram Early Head Start (EHS) BASE LAKAY la ofri sèvis konplè gratis pou fanmi k ap tann yo, ansanm ak fanmi ki gen timoun ki fèt jiska laj 3 an, ki satisfè direktiv kalifikasyon yo. Zòn sèvis yo enkli Attleboro, Bridgewater, Brockton, East Bridgewater, Middleboro, Norton, West Bridgewater ak Whitman.

Pwogram Early Head Start (EHS) KI BAZE SANT lan bay sèvis konplè gratis ak sipò pou fanmi ki gen timoun ki fèt jiska laj 3 an ki satisfè direktiv kalifikasyon yo epi ki enskri nan youn nan sant gadri patenarya nou yo. Zòn sèvis yo enkli Attleboro, Brockton, New Bedford, Norton ak Taunton.

Sèvis konplè nan tou de opsyon pwogram yo gen ladan devlopman timoun, sante dantè, sante mantal, nitrisyon, angajman paran, sekirite, rediness lekòl, sèvis sosyal ak byennèt.

Depatman Sante ak Sèvis Imen finanse Early Head Start atravè sibvansyon federal.

Early Head Start bay sipò pou timoun tout kapasite ak fanmi ki soti nan tout kilti.

## Modèl Pwogram Yo

### Modèl pwogram ki baze sou lakay

- 1 ½ de tan visit lakay chak semèn pa moun asosye ak fanmi an (PCA)
- Lakou rekreyasyon pou paran ak timoun yo
- Gwoup sipò pou paran yo
- Atelye edikasyon ak fòmasyon pou paran yo
- Resous ak Referans nan ajans kominote loka yo
- Aktivite Familyal yo
- Patisipasyon nan Evalyasyon timoun yo
- Sèvis entèprèt ak transpòtasyon.
- Sipò pou fanmi grès yo avèk moun asosye ak fanmi an (PCA), visit lakay 2 fwa le mwa avèk yon enfimyè.
- Tout timoun yo rete nan pwogram nan jiskaske laj 3 ane kelkeswa chanjman nan estate revni yo.

### Modèl Pwogram ki baze nan sant lan

- Bay visit lakay 2 fwa lane
- Diapers, fomil lèt ak siye bay pou gratis pandan yo prezan nan sant lan
- Patisipasyon nan Evalyasyon timoun yo
- Aktivite Familyal yo
- Atelye edikasyon ak fòmasyon pou paran yo
- Tout timoun yo rete nan pwogram nan jiskaske laj 3 ane kelkeswa chanjman nan estate revni yo.
- Disponibilite transpòtasyon nan bis.

## Objektif yo

- Ogmante konpreyansyon paran yo sou enpòtan yon relasyon positif osibyen ke konpòtman ak devlopman timoun yo.
- Ede paran yo patisipe nan mete objektif devlopman ki amelyore devlopman pitit yo.
- Asistans ak sipò pou ede paran yo reyalize ase ekonomik sifzans.

## Filozofi

Yon paran se moun ki pi enpòtan nan lavi yon timoun, li esansyel pou anplwaye Early Head Start (EHS) ak paran yo travay ansanm sou objektif ki ankouraje devlopman ak atachman avèk pitit yo atravè relasyon. Anplwaye ak paran yo fòme patenarya pou konprann chak endividyèl yon fanmi, valè pèsònèl, ak atant kiltirèl.